

Koneksyon ak Resous

Rural Health gen yon ekip travayè sansibilizasyon nan estaf li ki la pou ede w ak fanmi w konekte ak lòt sèvis ou ka bezwen, tankou kay, Bank Manje, fòmasyon pou granmoun ak opòtinite travay, ak aplikasyon pou èd. Rele sant ou an epi konpoze ext. 1055 (Atlantic/Chincoteague); ext. 1034 (Eastville/Frankyown); oswa ext. 1056 (Onley)

Èd pou Asirans

Rural Health gen yon ekip konseye sètifye ki ka ede w konprann opsyon asirans ou yo epi ede w ranpli aplikasyon pou ka enskri yo. Pou jwenn èd rele sant ou an epi konpoze ext. 1055 (Atlantic/Chincoteague); ext. 1034 (Eastville/ Franktown); oswa ext. 1056 (Onley); oswa imèl getcovered@esrh.org.

NOT

Rele Nou pou Ka Kòmanse!

Atlantic Community Health Center avèk Klinik pou dan (with Dental)
757-824-5676

Chincoteague Island Community Health Center
757-336-3682

Eastville Community Health Center avèk Klinik pou dan & Famasi (with Dental & Pharmacy)
757-331-1086

Franktown Community Health Center Klinik pou dan sèlman
757-442-4819

Onley Community Health Center
757-787-7374

Metompkin Elementary School Sèvis dantè (Dental Unit)*
757- 665-1159

Pungoteague Elementary School Dental Unit*
757-789-7777

Nandua Middle School Dental Unit*
757-787-3494
Syèj Sosyal
757-414-0400

*Pou tout timoun ki gen sis mwa pou rive 18 tan.

Aksede a Enfòmasyon w yo Anliy!

Avèk pòtay pasyan w lan ou ka poze founisè sèvis ou an kesyon ki pa ijan, mande renouvèlman medikaman, epi tcheke rezulta laboratwa. Ou ka revize epi enprime lis medikaman w yo epi revize nòt sou vizit ou te fè kay yon founisè.

Pou kreye yon kont sou pòtay pasyan an, rele sant ou an epi mande pou "konekte sou rezo" oubyen poze kesyon sou sa nan pwochen randevou w la. Kounye a, n ap enskri moun ki gen laj 0-13 ak 18+.



Gid pou Sèvis Sipò yo



**Swen eksepsyonèl.
Tout pasyan.
Tout tan.**

www.esrh.org

Swiv nou sou Facebook
www.facebook.com/esrhs

Eastern Shore Rural Health ofri sèvis sipò sa yo san kòb oswa pou yon ti kras kòb pou pasyan nou yo.

Rabè pou Vizit nan Rural Health yo!

Rabè ka disponib sou baz gwosè ak rantre fanmi an. Nou pa p voye pèsonn ale paske yo pa ka peye. Ou ka jwenn yon aplikasyon pou frè mobil nan seksyon Fòm nan www.esrh.org oswa si w pale ak responsab kont kliyan an nan sant Rural Health ou an.

Pwogram Peyaj Medical Chesapeake Bay Bridge Tunnel

Pwogram sa a bay tikè pou moun ki rete nan Eastern Shore ki travèse Bè a pou randevou medikal ki baze sou rantre ak gwosè fammi an. Ou pa oblige yon pasyan Rural Health pou kalifye. Si w gen Medicaid, kontakte Depatman Sante (Health Department) pou tikè pa w yo. Pou pasyan ki pa gen Medicaid, tikè yo disponib nan sant ki nan Atlantic, Eastville, ak Onley yo. Pou jwenn èd rele sant ou an epi konpoze ext. 1607 (Atlantic/ Chincoteague); ext. 1313 (Eastville); oswa ext. 1716 (Onley). Ou ka jwenn aplikasyon pou pwogram nan nan seksyon Fòm nan sou esrh.org.

Famasi nan Eastville Center

Rayfield's Pharmacy ap fonksyone anndan Eastville Community Health Center. Famasi a ouvè lendi pou rive vandredi 9 a.m. pou rive 5 p.m. Ou ka pase nan ale santral la pou antre nan famasi a oswa itilize gichè chofè a. Nimewo telefòn famasi a s 757-442-0927.

NAN PA LONTAN!

Rural Health pral ouvè yon famasi nan Onley Center.

Edikasyon pou Lasante

Edikasyon pou Lasante se yon sèvis gratis pou tout pasyan Rural Health yo. Edikatè lasante yo ka ede w jere maladi opresyon, dyabèt, tansyon ak kolestewòl epi yo ka konseye w sou kijan pou pèdi pwa, kijan pou manje, fè egzèsis, ak kijan pou pran medikaman. Edikatè lasante yo ofri pwogram prevansyon kont dyabèt ki genyen sèvis sa yo. Yo ka mete w anrelasyon pou ede w sispann fimen. Anplis, edikatè lasante yo ka gide w sou kijan pou kreye règ medikal ki pi pouse. Dokiman legal sa yo pèmèt ou di moun ou renmen yo depi anvan ki kalite swen ou vle – ak pa vle – lè w ap pwoche finisman lavi w pou evite konfizyon pita. Rele sant ou an epi konpoze ext. 1628 (Atlantic/Chincoteague); ext. 1357 (Eastville/ Franktown); oswa ext. 1728 (Onley).

Èd pou Jwenn Preskripsyon yo

Atravè Pwogram Èd Famasi (Pharmacy Assistance Program) nou an, yon travayè sosyal pou èd sou medikaman ka revize tout medikaman w yo epi chache fason ki mwen chè pou l jwenn yo pou ou. Rele sant ou an epi konpoze ext. 1634 (Atlantic/ Chincoteague); ext. 1331 (Eastville/ Franktown); oswa ext. 1734 (Onley).

Sante Konpòtmantal

Rural Health ajoute founisè sante mantal nan estaf li a epi kontinye fè patenarya avèk Eastern Shore Community Services Board (www.escsb.org) pou bay sèvis sante konpòtmantal limite nan pifò sant yo. Founisè sante Rural Health ou an ka ranje sa.

NAN PA LONTAN!

Swen ijans lan ap ouvè nan Four Corner Plaza nan Onley.

Pwogram gratis pou prevansyon dyabèt tip 2

Pwogram PreventT2 pou chanje fason w ap viv la fè pati Pwogram Nasyonal pou Prevansyon Dyabèt (National Diabetes Prevention Program), ke Center for Disease Control and Prevention (CDC) ap dirije. Pwogram sa a pral ede fè ti chanjman nan fason w ap viv epi bese a mwens ke mwatyè risk pou fè dyabèt tip 2. Pwogram nan GRATIS pou tout pasyan pre-dyabetik nou yo. Pou kounye a pwogram nan ap fèt anliy. Pou wè si w kalifye pou pwogram nan, rele sant ou an epi konpoze ext. 1628 (Atlantic/Chincoteague); ext. 1357 (Eastville/ Franktown); oswa ext. 1728 (Onley).



Transpò

Rural Health nan patenarya avèk Eastern Shore Community Services Board (CSB) pou bay transpò nan pri abòdab pou pasyan ki bezwen transpò pou ale nan sant nou yo. Transpò yo baze sou yon echèl mobil epi yo disponib pou tout pasyan kèlkeswa estati asirans oswa rantre yo. Rele sant ou an epi konpoze ext. 1055 (Atlantic/Chincoteague); ext. 1034 (Eastville/Franktown); oswa ext. 1056 (Onley); oswa mande pou sèvis sa a lè w ap pran randevou w la. Nou ka bay pasyan yo tikè bis Star Transit. Tikè Star Transit yo disponib nan chak sant. Pasyan yo dwe gen yon randevou pou yo itilize youn oubyen lòt nan sèvis yo.